

Fè kay ti bebe 6 mwa a 2 an

Fè nesesè pou kwasans ti bebe.

Yon mank fè gendwa deranje devlopman li pandan ti anfans li.

?

Poukisa pou w ofri manje ki genyen anpil fè ladann apati de 6 mwa?

Rive laj 6 mwa, rezèv fè tibebe a epuize. Poutèt sa li enpòtan anpil pou ofri li manje ki genyen anpil fè ladann pou anrichi rezèv ti pitit ou a.


u asire li jwenn yon bon kantite fè:

- Ofri manje ki genyen anpil fè ladann kòm premye manje lè ti bebe a kòmanse manje.

- **Ofri manje ki genyen anpil fè ladann omwen de fwa pa jou.**

- Tann ti bebe a genyen ant 9 a 12 mwa pou ofri li lèt bèf kòm bwason. Limite konsomasyon lèt a 750 ml pa jou.

Nou jwenn fè nan manje sa yo:





Astis

Ajoute sereyal pou bebe ki anrichi ak fè nan resèt ou yo pou anrichi kantite fè l ap resevwa :

- Boulèt oswa pen vyann oswa legiminez.
- **Ponmkèt, galèt** oswa **krèp** ranplase $\frac{1}{4}$ nan farin nan.
- **Potaj** ak sòs pou fè li epè.

- Limite sik ak sèl pandan w ap fè manje w pral bay bebe.
- Asire w ou adapte teksti a pou li kapab san danje pou bebe. Konsilte **zouti nou kont risk etoufman** pou plis enfòmasyon.



Lide manje ki genyen fè ladann

- **Espageti ak sòs vyann**
- **Mijote vyann**
- **Soup lanti ak epina**
- **Kwokèt pwason**
- **Pen vyann** o **boulèt vyann**
- **Sote bèf a lendyèn**
- **Tofou pistach**

Sijesyon resèt yo se egzanp yo ye. Ofri bebe w la manje w renmen kuit epi ki genyen fè ladann.

Resèt yo disponib sèlman an franse ak an anglè.